

Flanbo Verite A



PA JODI A

(Gade istwa a nan paj 9)

Jiyè - Out 2021 | Volim 12 Nimewo 4

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial	3
Lite Pou Lafwa #5 Resif Ki Kache Anba Dlo A	4
Istwa Kouvèti a	9
Ala Yon Tristès !	11
Seksyon Paran Apèl pou Monte Leson 12a	13
Istwa Biblik Batime Rele	16
Istwa Mati Yo Timote, Espirityèlman Li Te Pitit Gason Apòt Pòl	22
Seksyon Jenn Chemen Li Te Chwazi A Chapit 3d	24
Langaj Jape A	28
Seksyon Timoun Pisans Yon Chan	30
Aktivite Timoun	34
Fen Mond Lan	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Antonio Campos
Sanford Yoder

Edite

Duane Nisly
Pete Garber

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Jounal sa a ki nan men ou kounyeya genyen yon chan ki ekri sou do l'. Tit la se « Fen Mond Lan. » Èske se vre nou rive nan fen mond lan ? Pandan anpil ane moun ap di bagay konsa. Èske nou kwè se vre ? Lespri mwen pa anpè sou sijè sa a. Se kòmsi nou tèlman abitye tande moun pale bagay sa yo, nou pa okipe yo ankò. Apòt Pyè ban nou yon avètisman. Li fè nou konnen genyen moun ki pral di konsa : « **Kote pwomès Li te fè nou an ? ...tout bagay rete menm jan yo te ye a lè latè te fèk kreye** » (2 Pyè 3.4). Men, bagay yo pa rete menm jan an vre. Si y'ap di sa, se manti. Pi devan Pyè fè nou konnen moun sa yo « **...fè espere bliye...** » travay Bondye deja fè depi nan Kreyasyon an. Pyè di, menm Pawòl la ki te kreye syèl la, se Li ki pran pasyans pou Li anpeche destriksyon mond lan jouk kounyeya. Epitou, li di Bondye va voye zanj Li yo avèk bri yon twonpèt pou Li ranmase moun sila yo Li te chwazi davans (Matye 24.31).

Pa genyen anpil ane depi lemond nan te fè nouèl yon tranblemanntè terib ki te sakaje peyi Meksik (Sektanm 2017). Nan prèske menm moman sa a, yon siklòn ki te rele *Jose* t'ap mache fè dega nan Karayib la. Tout bagay sa yo te vini apre siklòn *Irma* te deja ravaje zòn sa yo, toujou nan mwatye Sektanm 2017. Li ta sanble lemond nan ap sibi kriz yo youn sou lòt. Kisa sa vle di ? Nou pa ka fin konnen poukisa Bondye voye katastwòf sa yo, men Bib la egzijè nou pou n' resevwa yo kòm siy, kòm avètisman. Jezi te di konsa : « **Lè bagay sa yo va kòmanse rive, leve kanpe, leve tèt nou, paske Bondye p'ap lwen vin delivre nou** » (Lik 21.28).

Pandan mwen chita reflechi sou verite sa yo, epi pandan mwen konsidere sa k'ap pase nan lemond aktyèlman, mwen kwè retou Senyè a pwòch. Men, kisa « pwòch » vle di egzaktman ? Men sa m'ap di : Retou Kris ka fèt anvan mwen mouri, oubyen pandan ane sa a, osinon nan moman sa a menm. Jezi te mete nou klè sou kijan pèsounn moun pa ka di ni ki jou ni ki lè sa va fèt, sof Papa a (Matye 25.13). Jezi te kite yon avètisman pou nou : dèske nou pa konnen kilè Li va vini, nou dwe toujou ap veye. Piga nou neglijan.

Pandan fanmi m' t'ap diskite sou bagay sa yo, yo te poze yon kèsyon : Kòman sa ye pou zanmi nou yo ki poko janm chwazi sèvi Senyè a ? Kisa k'ap rive yo ? Kèsyon sa yo se tankou yon lonbraj ki kouvri kè kontan nou ta genyen lè n' reflechi sou retou Kris la. Lide sa yo kapab lakòz tristès menm. Men, annou gade sa Bib la di sou dosye sa a. Apòt Pyè, nan menm chapit nou t'ap gade anlè a, esplike pou ki rezon Jezi poko janm retounen. Li di konsa : « **Senyè a pa pran twòp reta pou kenbe pwomès Li yo, jan kèk moun kwè a. Okontrè, se pasyans L'ap pran ak nou, paske Li pa ta renmen pèsounn peri, Li ta vle pou tout moun tounen vin jwenn Li** » (2 Pyè 3.9). Bondye pi sansib pase nou pou nanm k'ap pèdi yo. Ann beni non Senyè a pou amou Li genyen an, pou pasyans Li anvè nou ! Li pa ta renmen pèsounn peri. Nan pasyans Li, Li poko janm mete fen nan mond lan.

Men, kanmenm, mwen genyen konviksyon « **Bondye p'ap lwen vin delivre nou.** »

Dwann Nisli

LITE POU LAFWA



YON ETID SOU LIV JID LA

5

Resif Ki Kache Anba Dlo

—Jimmy Ramirez

Vye plan an te reyisi san okenn mank. Pasajè yo te cho pou yo rive nan destinasyon yo. Genyen ki tapral vizite fanmi. Genyen lòt ki te nan wout pou yo asiste gran rankont enpòtan. Genyen lòt ankò ki t'ap sòti pou pase yon vakans. Men, detwa nan pasajè yo te monte avyon an avèk yon vye plan dèyè tèt yo. Mechan sa yo te sanble avèk tout lòt pasajè yo, men yo te deja fin bati yon plan byen detaye : yo tapral touye pilòt avyon an, yo tapral pran kontwòl avyon an epi fè l' frape epi detwi yon gwo gratsyèl ki te pote non *Twin Towers*. Yo te planifye pou yo detwi avyon an, kay la, ansanm ak tout moun yo ki te andedan yo.

Jou terib sa a, mechan yo te reyisi. Yo te fofile kò yo kote ki pa t' pou yo. Konsa,

yo te akonpli sa yo te planifye a. Nan ti lèt Jid te ekri a, li fè nou konnen Satan planifye atak kont legliz. Li planifye kijan li va vòlè, kijan li va touye, epi kijan li va detwi. Jid egzije nou pou n' siveye. Konsa n'ap ka wè lè Satan eseye glise antre andedan kò Kris la, kote li anvi fè anpil moun pèdi letènite. Depi se manm nou ye nan kò Kris la, fòk nou veyatif. Fòk nou sou prigad nou. Fòk nou goumen pou n' defann lafwa ansyen yo te livre ban nou. Lafwa sa a p'ap janm chanje. Nou pa ka chanje anyen ladan li. Nou pa ka ajoute, ni nou pa ka retire anyen.

Kisa nou kapab fè pou n' anpeche Satan fofile kò l' nan legliz nou renmen anpil la ? Jezi fè nou konnen nou kapab toujou rekonèt yon pyebwa selon donn li bay la. Epitou, nan lèt li te ekri a, Jid detaye kèk karakteristik ki idantifye mechan sa yo, epi li detaye kisa ki nan tèt yo. N'ap fè byen si nou chita etidye sa Jid te di. Se konsa n'ap anpeche lènmi an fofile kò l' nan pwòp lavi pa nou, epi nan mitan frè sè yo tou. Ann gade sa Jid te di :

Paske Jid anvi devwale mechan sa yo, li fè legliz la konnen mechan yo gentan glise antre andedan legliz la san pèsonn moun pa t' rekonèt sa (v. 4). Sa vle di yo antre an kachèt. Yo antre tou dousman. Yo dèyè twonpe moun, epi yo kache vye plan yo genyen nan tèt yo. Genyen yon diksyonè ki esplike fraz la konsa : « Yo antre san pèsonn moun pa wè sa. » Li te kapab yon moun ki genyen anpil talan ki jwenn moun akeyi li rapid nan legliz la. Konsa tou, nan vèsè 12 Jid pale sou kijan mechan yo « *gate manje n'ap fè pou frè yo.* » Lè Jid di yo gate manje a, li anplwaye yon mo Grèk : *spilades*. *Spilades* se yon wòch osinon yon resif ki kouvri avèk dlo lanmè. Moun pa wè danje a malgre li reyèl. Menm mo a pale sou moun sila yo ki reprezante yon menas pou lòt yo. Se kòmsi pasaj la vle di konsa : « Moun sa yo antre an kachèt tankou wòch ki kache nan dlo a, tankou resif ki anba dlo a, epi yo va lakòz Kreyen yo fè aksidan epi kraze nan dlo a. » Imaj Jid ap prezante pou nou an se imaj yon bèl bato avwal k'ap antre nan yon pò avèk kè poze. Dlo a parèt agreyab devan li, men genyen « wòch ki kache » anba dlo a. Fòk nou gade byen gade pou n' ka rekonèt wòch sa yo nan dlo a. Wòch sila yo kapab lakòz yon bato fè nofray, epi anpil moun mouri. Jid ap fè nou konnen genyen « wòch ki kache » andedan legliz Kris la, epi se posib yo kapab lakòz destriksyon etènèl. Resif kache sa yo kapab fè legliz pèdi anpil bagay.

Jid di moun sa yo ap patisipe nan fèt y'ap fè pou moun ki nan bezwen. Kretyen yo alepòk te konn fè kalite fèt sa yo nan amou yo te genyen youn pou lòt. Yo te rejwi ansanm bò tab. (Gade 1 Korent 11.17–34 pou wè sa Apòt Pòl te anseye yo annegad rankont sa yo.) Yo te abitye reyini pou yo pataje youn avèk lòt, epi pafwa yo te konn selebre Dènye Soupe Senyè a jan Jezi te montre yo pou yo toujou fè l' la. Rankont sa yo se te yon gwo ankourajman pou frè sè yo. Se te bon kominyon fratènèl. Men, te genyen danje nan sa : Lènmi an t'ap manje bwè nan mitan yo tou. Jid te vle di moun yo : « Fèt atansyon ! Ou ta sipoze kapab rekonèt moun sa yo. Sinon, anpil nanm ka fè aksidan epi pèdi lafwa. »

Jid te kontinye dekri mechan sa yo nan vèsè 4 : « *Se moun ki san respè pou Bondye.* » Dabò, Jid di : « *Yo pran renmen Bondye renmen nou an sèvi youn kouvèti pou fè dezòd.* » Yo itilize gras Bondye pou ouvri pòt peche a. Yo fè moun konnen Kretyen an kapab peche paske gras Bondye a anpil. Apre sa, Jid esplike kijan yo vire do bay Jezikri ki sèl Mèt ak sèl Senyè nou an. Sa vle di, yo rechte Bondye sou twòn Li kòm Senyè e Mèt tout bagay. Yo refize admèt otorite Bondye genyen pou renye epi pou ranfòse kòmandman Li yo.

Jid bay twa (3) egzanp jijman nan v. 5, 6, ak 7. Li konekte jijman sa yo avèk fo pwofesè yo ki fofile kò yo nan legliz la. Li fè nou konnen yo se moun ki konn fè vizyon (v. 8). Li di yo manke lafwa epi yo dezobeyisan menm jan ak pèp Izrayèl la pandan yo te nan dezè a. Se posib moun sa yo te konn rakonte yon seri rèv kòm si se Bondye ki ba yo rèv la, yon fason pou fè pèp la obeyi yo. Jid di yo te lage kò yo nan tout kalite dezòd lachè, tout kalite imoralite. Pi devan, Jid di yo te meprize otorite Bondye epi pale pouvwa ki nan syèl yo mal. Jid te deja pale sou kijan moun sa yo te rechte Kris kòm Mèt, epi yo te refize koute kòmandman Li yo. Donk, yo pa t' asepte otorite sou tèt yo, e yo pa t' asepte okenn limit, paske yo t'ap chache fè nenpòt sa ki fè yo plezi. Se avèk atitid sa a yo t'ap meprize otorite Bondye epi pale pouvwa Li mal.

Nan vèsè 9, Jid site Akanj Michèl, ki t'ap plede ak dyab la pou kadav Moyiz. Nan egzanp sa a, Michèl pa t' repwoche dyab la ; men pito li te di : « *Mèt la va regle avè ou.* » Nan vèsè 10, l'ap dekri sila yo ki konn rakonte vizyon yo fè. Li di : « *...yo pale mal sou sa yo pa konprann.* » Yo pa konprann reyalite

espiritiyèl yo paske y'ap viv selon lachè. Menm jan ak bèt, yo viv sal selon ensten. Yo esklav lachè, epi yo swiv ansyen nati a.

Answit, Jid site twa (3) egzanp ankò ki sòti nan Ansyen Kontra a epi ki detaye kèk karakteristik ki prezan lakay mechan sa yo (v. 11). Nou te deja etidye twa (3) egzanp sa yo nan *Flanbo Verite A*. Se te nan edisyon ki pase yo nou te fè sa. Moun sa yo te (#1) fè menm wout ak Kayen. Yo te (#2) lage kò yo nan menm move chemen Balaram lan. Epi, yo te (#3) fè rebèl ak Bondye tankou Kore. Se konsa y'a peri tou !

Kounyeya, ann vire je nou sou twa (3) konparezon Jid fè pou ede nou rekonèt kijan moun sa yo genyen vid nan kè yo, epi kijan yo wè pwòp dezi pa yo ase (v. 12). Jid fè nou konnen mechan sa yo, ki se « resif ki kache, » toujou ap manje, yo toujou ap bwè kont kò yo san yo pa sonje moun. Jid di se pwòp tèt yo ase yo konnen. Yo pa konnen moun menm. Jid pale sou kijan lavi yo vid tankou nyaj ki pa bay lapli. Depi nou wè nyaj, nou espere dlo ki ka rafrech nou. Konsa, yon nyaj ki pa pote anyen se yon dekourajman li ye. Mechan sa yo bay bèl pwomès, men yo pa kenbe pawòl yo. Menm jan nyaj yo flannen anlè a, moun sa yo flannen sòti nan yon lide pou ale nan yon lòt. Yo pa ka bay sa yo pa genyen. Yo tankou « **pyebwa yo derasinen epi ki fin mouri nèt** » (v. 12). Depi nou wè pye fwi, nou espere fwi ki ka dous nan bouch nou. Enben, moun sa yo se pyebwa san okenn fwi paske yo mouri de (2) fwa. Yo mouri paske yo pa kwè, epi yo mouri ankò paske yo pa fè bon zèv. (Bon zèv se siy yon moun ranpli avèk Sentespri a.) Donk, pa genyen okenn vi espiritiyèl nan moun sa yo, epi sa yo pwodwi se fwi ki fo, ki pa ka dire ditou. Jid di ankò yo tankou « **lanm lanmè lè lanmè a move. Y'ap pouse kim salte yo met deyò.** » Yo pwodwi peche san gade dèyè, san wont, tankou lanm k'ap vide salte sou rivaj la. Konpare sa avèk Ezayi 57.20. Jid di ankò yo tankou « **zetwal ki pèdi wout yo.** » Yo ta sipoze rete nan plas yo epi briye, men dèske yo pa ka soumèt, yo pèdi wout yo.

Pi devan toujou, Jid pale sou kijan moun sa yo « **toujou ap bougonnen, y'ap plede plenyen sou sityasyon yo** » (v. 16). Yo pa kontan ak anyen. Pou yo, anyen pa janm bon. Ou p'ap ka fè anyen ki fè yo plezi. Se konsa yo ye. Jid di ankò : « **Se enterè yo ase y'ap chache. Depi yo louvri bouch yo, se vante y'ap vante**

tèt yo. Y'ap flate tout moun pou yo tire avantaj sou yo » (v. 16). Jan yo pale demontre awogans ak ògèy ki lakay yo. Yo bay manti pou montre kijan yo admire Entèl, men se pa vre. Yo pa sensè. Yo pa ka bay verite. Ou ka tandè yo louwe yon moun, men se paske yo vle jwenn avantaj nan sa. Yo ka achte figi li, men se paske yo wè enterè pa yo nan sa. Yo dèyè benefis pèsonèl ase.

Pou fini, Jid fin dekri mechan sa yo avèk lide sa a : se yo menm ki toujou lakòz divizyon. Fo pwofesè toujou kreye divizyon. Yo toujou mete moun dozado. Yo aji selon lachè. Sa vle di, yo aji tankou bèt. Yo viv tankou animal, ki pa ka fè tèl yo travay vre. Se vant yo ki kondwi yo. Se pasyon ki anime yo. Yo pa genyen Sentespri a, donk yo pa anba direksyon Bondye.

Anfen, moun k'ap fofile kò yo nan legliz la se yon vre danje tout bon. Fòk nou koute kòmandman an Bondye kite pou nou nan liv Jid la. Nou p'ap lib anba peche si nou konnen karakteristik sa yo ap devlope lakay nou, osinon nan lavi yon frè. Nou te byen gade karakteristik sa yo ki parèt ase klè. Jid detaye yo nan lèt li te ekri a pou nou kapab idantifye moun sa yo, fo pwofesè sa yo, depi yo parèt. Dabò, fòk nou egzaminen pwòp lavi pa nou yo pou n' detèmine si genyen eleman sa yo lakay nou. Si yo prezan, fòk nou kouri konfese tò nou yo devan Bondye pou nou ka jwenn padon. Apre sa, depi nou lave nan san Jezi, nou byen kanpe pou n' ede lòt yo rekonèt karakteristik sa yo si yo ap devlope lakay yo. Se pou amou nou genyen pou legliz Kris la toujou ede nou defann menm lafwa a ansyen yo te kite ban nou. Se pou nou rete fidèl jiska lafen.



Depi se manm nou ye nan kò Kris la, fòk nou veyatif. Fòk nou sou prigad nou. Fòk nou goumen pou n' defann lafwa ansyen yo te livre ban nou.

Mwen panse mwen te nan laj senkan (5) konsa lè paran m' yo te mennen m' nan yon seri sèvis ki t'ap fèt nan yon ti legliz toupres lakay. Se te yon kwazad, yon semenn sèvis kote chak swa yo t'ap evanjelize. Mwen te tèlman piti, mwen pa sonje sa ki t'ap fèt nan sèvis yo. Men, konsa, genyen yon bagay ki te make m'. Mwen sonje bagay sa a trè byen. Yon jou swa, nan fen sèvis la pandan evanjelis la t'ap priye epi fè apèl pou moun vin soumèt lavi yo nan men Kris, mwen te louvri je m' yo. (Se te yon dezòd.) Avèk je m' louvri, mwen te wè evanjelis la pwoche bò kote papa m', epi li te pale avè l' byen sensè.

Sèl bagay mwen te tande se te papa m' ki te reponn : « Pa jodi a. » Mwen pa t' tande ki kèsyon evanjelis la te poze l'. Men, malgre mwen te piti anpil, mwen te konprann papa m' te devan yon gwo desizyon konsekan, epi li te voye desizyon an pou pi devan. Nan lespri m', mwen te santi sa li te fè a pa t' bon.

Nenpòt wit (8) ane apre sa, yon lòt evanjelis te pase nan kominote a kote nou te rete a. Yon lòt fwa ankò, evanjelis la te plede avèk papa m' pou li konfyè lavi li nan men Kris. Yon lòt fwa ankò, mwen te tande papa m' reponn : « Pa jodi a. »

Anpil ane te pase apre sa, epi manman m' te malad prèt pou l' mouri. Li te rele papa m' vin bò kote li, epi yon lòt fwa ankò li te plede avè l'. Avèk dènye ti kouraj li te rete a, manman m' te di papa m' konsa : « Chè Djòn, pwomèt mwen nou va youn wè lòt nan syèl. Fè m' pwomès sa a. »

Papa m' te renmen manman m' anpil anpil, epi li te di l' li genyen pou li fè sa. Men, li pa t' genyen kouraj pou li bay Kris lavi li nan moman sa a. Yon lòt fwa ankò, papa m' te di : « Pa jodi a. »

Twa (3) ane te pase, epi kounyeya se te papa m' ki te malad prèt pou l' mouri. Malerezman, li pa t' genyen nanm sou li ankò. Tikras tikras, lanmò t'ap pran li. Pandan li te kouche la a, se kòm si mwen te tande vwa a ki t'ap di : « Pa jodi a. » Li te déjà twò ta.

Mwen p'ap janm bliye moman terib sa yo. Mwen te la ap swiv papa m' pandan li te rale souf pou yon dènye fwa. Yon zanmi te di m' konsa : « Ala yon kontantman

PA JODI A



pou manman ou ; jodi a l'ap wè mari li ankò. » Men, se pa t' vre. Pou ki rezon nou ta mete nan tèt nou papa m' tapral kontre avèk manman m' ankò ? Nan moman sa a, mwen te santi m' t'ap byen kontan bay sali pa mwen an si m' te kapab sove papa m' anba pinisyon etènèl.

Lanmò papa m' rete sou tèt mwen tankou yon nyaj nwa pandan tout rèz vi m'. Mwen ta renmen di yon ti bagay pou tout moun sa yo k'ap plede di : « Pa jodi a. » Pa tann toujou ! Deside kounyeya menm ! Sispann voye pou pi devan yon desizyon pou konfye lavi ou nan men Kris. Se posib ou p'ap jwenn okazyon fè sa nan jou ou mouri a. Fè l' jodi a, pandan ou kapab.

L.G.H. nan yon dokiman ki rele *Faithful Words*
Tèks sa a sòti nan *The Gospel for the Youth*





Pawòl Granmoun

—Sannfòd Yodè

Ala Yon Tristès !

Lè Jezi te kòmanse ministè Li isi a sou latè, sa pa t' pran anpil tan pou objèktif la vin klè. Plan Jezi pou Wayòm Bondye a se te pou l' vin yon bon temwanyaj renmen, tèt ansanm, ak lapè devan lemonn antye. San dout, plan sa a te diferan avèk sa moun yo te abitye nan wayòm isi ba yo.

Mwen konn wè anpil moun atire sou legliz kretyen. Men, malerezman, apre yon ti tan yos santi se yon desepsyon lè yo remake moun legliz yo pa serye nèt, yo nan kont souvan, epi yo manke obeyisan. Anpil nan moun sa yo kite asanble sa a pou yo al chache yon lòt ki pi bon. Bagay sa a se yon wont li ye pou nou tout. Pakèt divizyon yo epi pakèt pale anpil yo ki prezan nan legliz Kris la ta dwe sèvi yon repwòch pou nou tout.

Lè n' gade ki chay Senyè Jezi Kris te santi sou do Li nan Jan chapit 17, se klè sa Jezi atann lakay legliz Li a. Jezi te sansib pou enfluyans lemonn nan mitan legliz la. Li te vle pou legliz la genyen bon jan inite, bon jan tèt ansanm. « *M'ap lapriyè pou yo tout fè yon sèl. Papa, se pou yo tout fè youn ansanm ak Nou, menm jan Ou menm Ou nan Mwen, Mwen menm Mwen nan Ou. Se pou yo tout fè yon sèl pou moun ki nan lemonn yo ka kwè se Ou ki te voye Mwen* » (Jan 17.21). Se te dezi kè Jezi pou legliz la kanpe kòm yon temwanyaj devan lemonn ki pèdi, pou fè wè amou Bondye lè Li te voye Pitit Gason Li, Jezi Kris, vin sove limanite. Kounyeya, kòm se kò Kris la nou ye, nou gen responsablite pou n' montre lemonn bon jan inite ak bon jan kominyon kòm temwanyaj gran amou Bondye genyen pou nou.

Lavi nan Kris tout bon an ap toujou genyen fratènite nan mitan kwayan yo. Se yon mak li ye pou vre legliz la. Apòt Pòl di konsa : « *Frè m' yo, men sa m'ap mande nou, nan non Jezikri, Senyè nou an. Tanpri, mete nou dakò sou tout*

bagay. Pa kite divizyon mete pye nan mitan nou. Okontrè, se pou nou viv byen youn ak lòt. Mete yon sèl lide nan tèt nou, se pou nou tout gen yon sèl pawòl » (1 Korentyen 1.10). Efezyen 4.2–3 di konsa : « Pa janm vante tèt nou. Aji avèk dousè ak pasyans ak tout moun. Se pou nou youn sipòte lòt avèk renmen nan kè nou. ³Sentespri a mete nou ansanm. Se pou nou fè tout sa nou kapab pou nou ka toujou fè yon sèl kò, pou nou viv ak kè poze ansanm youn ak lòt. »

Si nou p'ap prezante plan Kris la pou legliz la nan jan nou ap viv, nou ta sipoze wont. Se pou nou aprann prezève inite nan Lespri Sen an pandan nou viv ak kè poze ansanm youn ak lòt.



Aktivite Timoun

REPONS

1 Samyèl 16.23

Yon move lespri te desann sou Sayil.

David te tonbe jwe gita.

Sayil te soulaje ; move lespri a te kite l'.

2 Kwonik 20.1, 22–23

Anpil lènmi te vin atake Jozafa (pèp Bondye a).

Moun yo te chante ak kè kontan pou fè lwanj Senyè a.

Lènmi yo te youn touye lòt, chen manje chen.

Travay 16.24–26

Pòl ak Silas te nan prizon.

Yo t'ap chante fè lwanj pou Bondye.

Yon tranblemanntè te ouvri pòt prizon an epi kraze chenn yo.

Revelasyon 15.3

pouvwa, bèl, dwat, verite

SEKSYON PARAN



KONPRANN RESKONSABILITE MWEN YO

Chache Moun Ki Pèdi Yo

Leson 12a

ENTWODIKSYON

Nou viv nan yon monn peche. Bondye deja jije monn sa a, e jijman sa a byen defini : monn sa a va pase e tout pechè va jete ansanm avèk Satan e lame li nan pèdisyon etènèl. Bondye bay yon mwayen pou chape. Se pamwayen lanmò e rezirèksyon Pitit Gason Li, Jezi Kris. E Li komisyonnen tout disip Jezi yo pou anonse pawòl redanmsyon bay sila yo ki pa konnen. Sa se Levanjil la—bòn nouvèl delivrans pamwayen Jezi.

Se enposib pou ou swiv Jezi san ou pa tandè apèl Li pou vin patisipe nan travay chache moun pèdi. Chak disip va patisipe nan yon fason diferan. Kèk va resevwa apèl pou konsantre yo sou evanjelizasyon kòm metye pou lavi yo. Kèk va chita dèyè kòm òganizatè travay la. Kèk va bay resous pou sipòte travay la. Tout moun kapab pataje temwayaj pèsònèl yo avèk moun yo rankontre chak jou. Alò, chak moun fè pati pa li se vre, men fòk se legliz la—kò vivan an—ki chache moun pèdi yo. Yon pechè kapab wè Jezi nan lavi yon grenn Kreyen, men se nan legliz la li ka wè tout bagay nèt sou Jezi.

Evanjelizasyon se plis pase mennen moun resevwa Jezi, li genyen ladan « **montre yo pou yo obsève tou sa** » Jezi te anseye (Matye 28.20). Chache yon moun ki pèdi se plis pase fè moun lan konfese peche l' yo ; se montre l' e mennen l' sòti nan pratik peche e antre nan chemen Bondye. Sa vle di chache moun ki pèdi pou fè l' vin jwenn Bondye, nou kontinye anseye li e antrene li kòm yon pitit Bondye, kòm yon manm nan fanmi Bondye a. Jezi te vini pou L' « **chache sa ki te pèdi pou l' delivre yo** » (Lik 19.10). Legliz Li komisyonnen pou kontinye travay la nan non Li e pamwayen pisans Sentespri Li.

REFLEKSYON PÈSONÈL

1. Nan ki fason ou gentan patisipe nan chache moun pèdi ?
2. Nan ki aspè evanjelizasyon ou santi ou manke ? (Vizyon ? Konpreyansyon ? Metòd ? Opòtinite ? Elatriye).
3. Depi kilè ou te pataje kwayans ou avèk yon enkwayan, e kòman sa te mache ?
4. Ki plan espesyal kongregasyon ou an genyen pou chache moun pèdi yo avèk Levanjil, e ki patisipasyon ou nan travay sa a ?

PREZANTASYON EKRITI A

Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. ¹⁹*Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.* ²⁰*Montre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Sonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.* Matye 28.18–20.

Men, lè Sentespri a va desann sou nou, na resevwa yon pouvwa. Lè sa a, na sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè. Travay 1.8.

Sentespri pa t' kite Pòl ak Timote al' anonse pawòl Bondye a nan pwovens Lazi a. Se

sa k' fè yo te pase nan zòn Friji ak zòn Galasi san rete. ⁷Lè yo rive toupre lavil Mizi, yo te vle ale Bitini, men Lespri Jezi a pat' pèmèt yo fè sa. . . . ⁹Nan mitan lannwit, Pòl fè yon vizyon: li wè yon nonm ki te sòti peyi Masedwàn kanpe devan l' ki t'ap di li: Tanpri, vin nan peyi Masedwàn, vin pote nou sekou. ¹⁰Après Pòl te fè vizyon sa a, lamenm nou chache pou n'ale nan peyi Masedwàn. Nou te sèten se Bondye menm ki te rele nou pou n' te al' pote bòn nouvèl la bay moun ki nan peyi sa a. Travay 16.6–10.

Se li menm ki fè lèzòm kado divès pouvwa. Li bay kèk ladan yo pouvwa pou sèvi apòt, li bay lòt ladan yo pouvwa pou sèvi pwofèt, li bay lòt ankò pouvwa pou anonse bòn nouvèl la, li bay dòt ankò pouvwa pou sèvi tankou pastè ak dirèktè. ¹²Konsa li byen òganize pèp Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris la ka grandi nan konfyans. ¹³Li fè sa pou nou tout ansanm nou ka fè yon sèl kò nan konfyans nou genyen an ak nan konesans Pitit Bondye a. Konsa nou tout ansanm nou ka vin granmoun ki byen devlope, dapre dènye mezi devlopman Kris la ki bon nèt. Efezyen 4.11–13.

KONPRANN LEKRITI YO

Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. ¹⁹Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. ²⁰Montre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Sonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba. Matye 28.18–20.

OBSÈVASYON #1 : Pitit Bondye ki te leve nan lanmò a te otorize evanjelizasyon e Li toujou soutni l' san Li pa janm fayi.

Seyè a te komisyonnen disip Li yo pou ale fè lòt disip. Li te fè sa aprè Li te fin akonpli travay redanmsyon Li sou tè a. Jezi te mouri e Li te leve sòti nan lanmò. Li te venk lanmò e Li te kraze pisans peche e pisans Satan. Se sou merit lanmò e rezirèksyon L' Jezi te resevwa « pouvwa » (otorite, tout dwa) nan men Papa a pou Li pran plas Seyè sou tout syèl la e sou tout tè a. Se avèk gran otorite sa a Li te komisyonnen disip Li yo pou ale fè disip. Tout otorite nan syèl la dwe koube devan Pitit Bondye a ki te leve nan lanmò; tout otorite sou latè dwe koube devan Li. Jezi te resevwa tout pouvwa, e pou sila yo ki ale pote Levanjil la, se pati yo pati nan non Li ki merite tout onè.

(kontinye nan paj 18)

ISTWA BIBLIK

BATIME RELE

Yon Avèg Wè Ankò

Prèske chak jou, Batime te tatonnen pou li ale nan pòtay vil la. Moun Jeriko yo te toujou wè li chita la ap mande charite.

Batime pa t' kapab imajine bèl koulè flè yo oubyen wotè pye palmis yo ki te kanpe byen wo sou tèt li. Li pa t' kapab wè limyè solèy la oubyen figi moun ki te renmen li yo. Batime te avèg.

Batime te anvi wè anpil. Men li pa t' janm gen okazyon pou l' gen okenn espwa ke sa te ka rive. Men kounyeya li te gen espwa paske li te tandè pale sou yon pwofesè ki te sòti nan peyi Galile ki t'ap geri moun ki gen tout kalite maladi. Nonm sa a, Jezi, te kapab fè kokobe yo mache, soud yo tandè e avèg yo wè. Siman se Li ki se Mesi a, pitit David yo t' ap tann lan. Si sèlman Jezi te vin nan vil Jeriko a !

Yon jou Batime te tandè anpil bri byen lwen. Anvan lontan zorèy li te fè li konnen ke se te yon gwo foul moun.

« Kisa ki genyen ? » li te mande yon nonm ki t'ap pase.

Nonm lan te reponn : « Se Jezi, moun Nazarèt la, k'ap vini. »

Kè Batime te sote ak kontantman. Men chans li t'ap tann lan. Si li pa t' pwofite chans lan, enben li pa t'ap janm gen chans ankò ! Li te rele : « Jezi, pitit David la, gen pitye pou mwen ! »

« Fèmen bouch ou, mandyan, » yon moun te di. « Sispann rele sa a. »

Batime te panike. Li te vle fè Jezi tandè li ! « Jezi, gen pitye pou mwen ! » li te rele pi fò.

Konsa li te tandè yon vwa janti toupre a. Nonm lan te di : « Mennen li ban Mwen. »

Sa ta dwe Jezi, Batime te panse.


« Kisa ou vle Mwen fè pou ou ? » Jezi te mande.

« Senyè, » Batime te rele. « Mwen vle wè ! »

« Ale, » Jezi te reponn. « Lafwa ou geri ou nèt. »

Yon sèl kou Batime te wè solèy la, pyebwa yo ak tout moun ki te antoure li yo ! Men anyen pa t' konpare ak lamou li te wè sou vizaj Jezi. Batime te kòmanse swiv Jezi epi rakonte tout moun kòman Li mèveye.

Mak 10.46–52 ; Lik 18.35



Avèg Batime rele dèyè Jezi.

Je avèg yo pral louvri. Zòrèy moun soud yo pral debouche. (Ezayi 35.5)

1. Poukisa Batime t'ap mande charite ?
2. Kòman Batime te fè Jezi tande li ?
3. Kisa Jezi te fè pou li ?

Itilize avèk pèmisyon :
 Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
 Atik sa a sòti nan : *101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La* © 1994

Sila yo ki ale evanjelize nan non Jezi, genyen sipò Li ki p'ap fayi. Seyè a di, « Mwen la avèk nou toulejou jouk sa kaba. » Nou ka apresye grandè sipò sa a sèlman lè nou leve je nou anlè nan wotè Jezi te monte a. Li se Seyè tout. Li kapab kòmande zanj yo pou asiste sila yo ke Li voye; Li kapab fè tè a donnen pwovizyon pou reponn a bezwen moun li voye yo; Li kapab kòmande mòn yo pou yo ouvri kò yo fè chemen pou disip Li yo pase; se Li ki toujou kapab kalme tanpèt, multiplie pen yo, beni timoun yo, modi pyebwa ki pa donnen, e netwaye tanp ki sal. Konsa, Li pa t' kite nou sèl lè Li te ale nan syèl la. Li se Seyè tout, e pamwayen pouvwa Sentespri Li, Li toujou avèk nou.

OBSÈVASYON #2 : Evanjelizasyon baze konplètman sou travay redanmsyon Jezi a.

Moun ki evanjelize genyen yon sèl fondasyon pou yo bati sou li. Yo pa bati sou abilite yo, yo pa bati sou branch legliz yo, yo pa bati sou eritaj yo. Yo bati sou travay redanmsyon Jezi. Jezi te mouri e leve sòti nan lanmò. Evanjelis la ap gaye verite sa a. L'ap montre moun ke travay sa a Jezi fè pou yo sifi pou chanje desten etènèl yo.

Se enpòtan pou remake ke lanmò e rezirèksyon Jezi toude genyen yon wòl nan travay redanmsyon an. Pamwayen lanmò Li, Jezi te fè sakrifis ki bon nèt la pou peche te kapab padonnen. Pamwayen rezirèksyon Li, Jezi « toujou vivan, l'ap lapriye Bondye » pou nou. Li kapab delivre nou anba peche nou deja fè yo, e Li kapab sove nou « nèt » (Ebre 7.25, Bib Kreyòl La). Nou bezwen lanmò Sovè a sou kwa a pou delivre nou anba pri peche a, e nou bezwen lavi Sovè nan syèl la pou delivre nou anba pouvwa peche.

OBSÈVASYON #3 : Bi evanjelizasyon se pou fè moun vin disip Jezi.

Tradiksyon sòti nan yon lang pou ale nan yon lòt fè vèsè sa yo pèdi kèk nan fòs lang orijinal la. Nan lang Kreyòl Ayisyen an, mo ki parèt pi enpòtan nan fraz la se premye mo a : « Ale. » Men nan Grèk la, fraz la te gen sans « pandan nou nan wout... » ki fè anfas la tonbe vrèman sou pwochen kòmandman an, ki se « fè disip ! » Sa vle di « *Fè disip* pandan nou nan wout. *Montre, anseye, e aprann* moun pandan nou ap viv chak jou. » Fè yo vini disip Jezi.

Evanjelizasyon se pa yon bagay ki fèt sèlman nan peyi lwen, men okontrè, se yon bagay ki fèt tout kote nou ale. Nenpòt kote nou ale, nou anba komisyon pou fè moun tounen disip pou Jezi. Vrèman gen moun k'ap oblije ale nan

peyi lwen, men pitit Bondye yo ap fè disip nenpòt kote yo pase. Chak Kreyen genyen yon wout li ap fè, e chak Kreyen se yon evanjelis. Chak legliz se yon legliz misyonè. Anmezi kongregasyon an grandi, se byen pou yo voye misyonè ale lòt kote. Poutan, legliz ki voye misyonè lòt kote a pa janm fini ak misyon li kote li ye a. Okontrè, legliz ki voye misyonè dwe kontinye travay fè moun tounen disip pou Jezi.

OBSÈVASYON #4 : Pou fè moun vin disip siyifi fè yo mache selon ansèyman Jezi.

Jezi te vini kòm yon revelasyon Papa a. Lalwa a te gentan revele Bondye nan pawòl; Jezi te revele Bondye nan lavi. Jezi pa t' detwi lalwa. Okontrè, Li te montre nou tout entansyon e tout bi Bondye te genyen nan lalwa. Konsa, ansèyman Jezi ansanm ak egzanp lavi Li montre nou volonte Papa a pou lavi nou. Vre disip Jezi yo toujou chache konnen sa L' te di. Yo etidye ansèyman Li yo. Y'ap wè Jezi kòm modèl pou lavi yo.

Swiv Jezi se pa senpleman konesans yon moun fè. Se pa sèlman aprann nan yon liv. Disip Jezi yo aprann mache selon ansèyman Jezi, se vre; men disip la pa rete la. Disip la aprann mache avèk Jezi Li menm.

Disip ki ze le anpil yo kapab rive tonbe nan youn nan de (2) pyè ki egziste. Sa pral fèt lè yo mete anfas sou yon verite kont yon lòt. Premyèman, kèk moun va mete anfas sou *ansèyman* Jezi kòm yon rezon pou yo neglije *relasyon vivan* avèk Jezi nan kè a. Yo konnen doktrin lan byen. Yo anseye doktrin lan byen. Nan pratik yo, yo swiv doktrin byen pwòp. Men, kè yo pa genyen vre lavi a. Dezyèmman, lòt moun konsantre sou *relasyon vivan* ak Jezi pandan yo neglije *ansèyman*. (Pafwa se moun ki soufri anba sila yo ki te nan premye gwoup la ki lage kò l' nan dezyèm gwoup sa a.) Yo meprize doktrin. Yo di ke ansèyman doktrin, entèpretasyon avèk swen, e aplikasyon relijye se yon fòm ki san lespri. Li vid. Pou yo menm, tout Kreyen pa oblije kwè menm bagay, men sèlman yo dwe gen yon relasyon avèk Jezi nan kè yo. Yo kite chak Kreyen viv jan yo vle dapre pwòp esperyans yo. Toulede erè sa yo mennen moun lwen vre lavi disip la. Toude ekstrèm sa yo se wout pèdi yo ye.

Verite a se ke nou bezwen konnen e etidye e viv selon *ansèyman* Jezi pandan nou viv nan *inyon esprityèl* avèk Li. Se nan *relasyon vivan* avèk Jezi nou ka vin konprann bèl te e jistis *ansèyman* Li yo. E se nan viv selon *ansèyman* Li yo nou vin *konnen Li pi byen* e renmen Li plis.

Kesyon Pou Etid

1. Ki siyifikasyon mo « pouvwa » nan Matye 28.18 ? Kòman li konpare avèk siyifikasyon mo « pouvwa » nan Travay 1.8 ?
2. Lè nou pale sou Jezi, kisa sa vle di lè nou di Li genyen « tout pouvwa/tout otorite » ? Kòman pasaj ki swiv yo kapab ede nou konprann otorite Jezi te resevwa a pi byen toujou ?
 - a. Efezyen 1.19–20
 - b. Filipyen 2.9–11
 - c. Kolosyen 2.15
4. Li Matye 28.18–20 nan plizyè lòt tradiksyon. Ki eklèsisman anplis ou resevwa.
5. Poukisa legliz yo konn batize moun pandan y'ap fè disip ?
6. Ki ansèyman Jezi te bay sou fason pou fè disip, men moun souvan neglije ansèyman sa a jòdi a ?
7. Fè lis kèk egzanp nan Nouvo Testaman an ki montre Jezi te « avèk » moun sila yo ki te obeyi ansèyman Li yo. Ki egzanp ou jwenn ki demontre otorite Li ?

Men, lè Sentespri a va desann sou nou, na resevwa yon pouvwa. Lè sa a, na sèvi M' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè. Travay 1.8.

OBSÈVASYON #5 : Travay evanjelizasyon mande pou pouvwa Sentespri abite nan moun k'ap evanjelize a.

Si n'ap fè moun vin disip pou Jezi, sa vle di moun yo vin vivan esprityèlman. Si yo vivan, sa vle di yo bezwen grandi. Kwasans esprityèl sa a se yon devlopman nan kè a chak jou pou sangtifye kè a e pou fòme karaktè. Moun k'ap fè disip genyen pati pa yo nan travay sa a, men vrè travay la se travay Bondye li ye. Apòt Pòl te esplikè l' konsa, « *Mwen plante, Apòlòs wouze, men se Bondye ki fè grandi* » (1 Korentyen 3.6). Donk, chak pati nan travay la dwe genyen benediksyon e direksyon Sentespri. Tout moun k'ap fè disip dwe plen Sentespri e aji nan pisans Li.

Jezi te di premye disip yo pou yo te tann nan Jerizalèm pou Sentespri desann sou yo. Te gen anpil gwo bezwen ki te alantou yo lè sa a. Epi bezwen sa yo te devan je yo toutan. Men, premye leson an nan evanjelizasyon se ke li se travay Bondye. Fòk

se pisans Bondye ki fè l'. Okenn moun pa kapab temwaye byen san pisans sa a. Okenn moun pa kapab fè moun vin jwenn Jezi san pisans Bondye. Okenn moun pa kapab reyisi nan mennen yo e ede yo fè pwogrè espirityèl si se pa Bondye k'ap travay avèk pisans Li.

Sa rann nou enb. Nou pa janm sifi pou kont pa nou pou n' fè travay evanjelizasyon. Fòk se Bondye.

OBSÈVASYON #6 : Lè evanjelizasyon fèt avèk pisans Sentespri, li gaye toupatou.

Remake mouvman yo nan Travay 1.8—Jerizalèm (plas nesans legliz la), Jide (zòn ki antoure Jerizalèm), Samari (peyi ki touprè a, ni nan pozisyon ni nan kilti), e aprè sa a nan lemonn antye. Sa Jezi esplike isi a se yon verite ki verifye nan liv Travay. Sentespri te desann sou kwayan yo Jou Lapannkòt la nan chanmòt la nan Jerizalèm. Asanble a te limite nan Jerizalèm ase pandan kèk jou—nan tanp Jerizalèm lan, nan kay Jerizalèm yo. Malgre sa, Apòt yo te toujou ap anseye anba pisans Sentespri. Anpil moun te vin jwenn Seyè a e te ajoute nan legliz la. Anmezi gwoup la t'ap grandi, se konsa opozisyon t'ap grandi tou. Rive yon lè, opozisyon an te eklate ak vyolans. Yo te touye Etyèn avèk kout wòch e Sòl te mennen yon kanpay plen rankin kont tout moun ki t'ap swiv Jezi. Kwayan yo te oblije gaye, e nenpòt kote kwayan yo te ale yo te gaye Levanjil la tankou moso flanm dife ke van ap pote ale. Olye etenn dife a, pèsekisyon an te pouse dife a gaye plis. Li gaye nan peyi Lajide, antre nan Samari, e aprè sa anba direksyon Sentespri, li te antre nan kominote moun ki pa jwif yo nan Antyòch. Depi nan zòn sa a, Sòl, ki te gentan konvèti, te ale evanjelize nan lòt kominote ankò. Dife a te gaye toupatou nan Wòm.

Sa se efè Levanjil la anba direksyon Sentespri. Li grandi. Li gaye. Li pa kapab fèmen anba yon panyen, ni fèmen nan yon moun, ni nan yon fanmi, ni nan yon kominote, ni nan yon ras, oubyen yon kilti. Li kraze limitasyon lòm seye mete, e li depase tout lide nou ta mete nan tèt nou. Vrèman se yon travay Bondye.

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblentz

Itilize avèk pèmision : Christian Light Publications, Inc
Harrisonburg, VA Ozetazini
Tout dwa rezève



ISTWA MATI YO

Timote, Espirityèlman Li Te Pitit Gason Apòt Pòl Yo Te Touye L' Anba Kout Wòch Nan Lavil Efèz Nan Lanne 98 Anviwon

Timote se te moun lavil List li te ye, nan peyi Likaoni. Papa l' te yon Grèk, men manman l' avèk grann li te fè pati ras Jwif yo. Yo toude te Kreyen. Manman l' se te Enis. Grann li se te Lòyis. Se yo menm ki te enstwi Timote nan Pawòl Bondye depi li te piti. Travay 16.1 ; 2 Timote 1.5.

Frè yo nan zòn List epi Ikonyòm te bay bon rapò pou Timote. Poutèt sa, Pòl te resevwa li kòm patnè nan ministè li a, nan prezante Levanjil bay payen yo. Travay 16.2, 3.

Pòl te apresye epi renmen Timote, jouk li te rele l' : « *pitit mwen renmen anpil la* » (2 Timote 1.2). Pi devan, Pòl te mete Timote apa kòm evèk oubyen pwofèsè pou legliz la, epi li te konfyè l' pou li okipe bann mouton yo pou Sovè li a, Jezi Kris. Pòl te chaje l' pou li bay mouton yo nouriti, epi pou li gouvènen yo. Pou ede l' fè sa byen, Pòl te ekri de (2) lèt pou Timote.


Men sa Pòl te ekri : « *Timote monchè, veye byen sou sa yo te renmèt ou a. Pa pèdi tan ou nan diskou san sans ki pa dakò ak verite a, ni nan diskisyon pou bagay anpil moun pran pou konesans* » (1 Timote 6.20).

Li ekri ankò : « *Timote, pitit mwen, m'ap renmèt ou kòmandman sa a, dapre pawòl pwofèt Bondye yo te di sou ou nan tan lontan an. Pran fòs sou pawòl sa yo pou ou ka mennen batay la byen* » (1.18).

Yon lòt kote li te ekri sa a : « *Ou menm, pitit mwen, pran fòs kouraj nan favè nou resevwa nan lavi n'ap mennen ansanm ak Jezikri a. ²Sa ou te tandè m' di ou devan anpil temwen, se pou ou renmèt yo bay lòt moun serye ou konnen ki ka moutre lòt moun yo tou* » (2 Timote 2.1, 2).


Nan travay li yo, Timote te toujou rete yon predikatè ki viv dwat devan Bondye. Alafen, sa te fè Bondye plezi pou Timote pa mouri tankou nenpòt moun, men

pou li mouri pito kòm yon mati. Konsa, ansanm avèk papa l' nan lafwa ki te pran devan li (Pòl), epi ansanm ak Senyè li a (Jezi) ki te soufri lanmò nan men mechan yo kèk ane anvan, Timote te sibi yon lanmò kote li te resevwa onè kòm yon kouwòn ki pa gate, epi li te resevwa lavi debòde ak lajwa. Men kijan sa te ye, selon dokiman istorik yo : Apre li te sèvi kòm evèk nan legliz Efèz pandan kenx (15) ane, se la a menm yon foul payen te kalonnen l' wòch jouk li te mouri. Se paske li te repwoche yo pou zidòl yo t'ap sèvi yo. Selon ansyen dokiman yo, sa te fèt pandan Domisyen te sou twòn lan, ki vle di lanne 98 konsa. Genyen lòt dokiman ki di sa te fèt anba reny Newo pito.



Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror* (*Glas Mati yo*).





CHEMEN LI TE CHWAZI A

Premye Pitit Gason An

Chapit 3d

Papa Sara te di konsa : « Nou byen kontan sa te bon pou nou. » Men, li pa t'ap souri ankò. Se klè li te deranje. Li di : « Nou pa t' chante ditou ? »

Ni Jak ni Lora te souke tèt yo pou di non.

Manman timoun yo di : « Sa yon ti jan dekouraje m'. Mwen te panse nou te toujou chante chak fwa nou reyini. » Manman t'ap gade Sara kounyeya, kòmsi li t'ap chache yon eksplikasyon. Jiske la, Sara pa t' di anyen.

Kounyeya Sara te pran lapawòl : « Men wi, Manman, pi souvan nou chante, menm si se pa tout tan an nèt. Dènye fwa a, lè n' te reyini kay Milè yo, anvan yo te kite zòn lan, nou te pase anpil tan ap chante jou sa a. Epi tou, lè n' te reyini isi a,

nou te chante. Sa toujou fè m' plezi lè nou chante ansanm.

Lora te ofri yon lide : « Men, Manman, si se lakay moun nou ye, èske nou ta si-poze mande yo pou yo chante ? Èske nou genyen dwa fè sa kòm vizitè ? »

Manman l' te kore li : « Non. Mwen wè li pa fin bon pou ou fè sa vre. Men, mwen pa kwè li t'ap grav si nou te ofri lide a, depi yon ti okazyon te prezante. Fanmi Benndè a apenn parèt isi a. Yo poko konnen abitud nou yo. Yo pa konnen kijan jenn yo konn pase tan lè yo reyini ansanm isi a nan Germantown. »

Kounyeya se te Jak ki te pale : « Men Manman, tout tan yo nèt te deja pwo-grame avèk yon pakèt aktivite. Si nou te sijere yon lòt bagay, li t'ap parèt kòm yon malonèt. »

« M' wè sa w'ap di. » Manman te vle konprann pitit li yo vre.

Papa te poze kèsyon : « Ki kalite jwèt nou te jwe ? »

Yon lòt fwa ankò, se te Jak ak Lora ki te kouri reponn. Yo te esplike jwèt yo. Apre sa, Lora di konsa : « Lè nou tapral kite yo, yo tapral jwe yon jwèt yo te rele « Ann Fè Konesans. » Mwen pa t' fin konprann li byen, men yo te di fòk se sou lakou a pou yo jwe li. Se kòm si ou chwazi yon patnè, epi ou al mache ansanm nan tout lakou a ap fè konesans. Apre sa, ou chanje patnè avèk premye koup la ou kontre pandan w'ap retounen. Ou mache fè konesans ak moun sa a tou. Se konsa, youn apre lòt... yon bagay konsa. »

Anvan Lora te fin esplike jwèt la, Papa te deja deranje. Li pa t' dakò. Li di : « M' pa kwè se nan fason sa a pou jenn Kretyen fè konesans. » Li te byen serye.

Jak te kouri esplike : « Sanble Lora pa t' fin konprann jwèt la byen. Nou pa t' rete pou tandè dènye eksplikasyon yo. Petèt yo tout te mache ansanm san yo pa t' fòme koup ki mache pou kont yo. Mwen pa ka fin di kijan jwèt la te ye nonplis. » Se kòm si Jak pa t' vle panse okenn move bagay pou fanmi Benndè a.

Papa te reponn dousman. Tout moun te klè sou enkyetid li te genyen an. Li di : « Enben, petèt m' te ka dakò si se konsa yo te fè li. Men kanmenm, li t'ap pi saj si jenn yo te toujou rete kote ki genyen bon limyè. Sòti deyò nan tenèb pa bèl. Jwèt ki fèt nan fènwa se pwoblèm yo ye. Depi nou ansanm avèk lòt jenn yo, se pou nou toujou sansib pou kijan nou konpòte nou, osinon nou pral regrèt sa pi devan. Pou di vre, se konsa pou tout okazyon nèt. Jwèt ki fèt nan fènwa ka prezante plis tantasyon pou dezòd. Si ou mal konpòte ou pandan ou jenn, sa kapab lakòz

anpil ane kote ou fè move rekòt, rekòt ki anmè. »

Après sa, Manman t'ap gade Sara pou plis eksplikasyon toujou : « Èske paran timoun yo te patisipe nan aktivite yo ansanm avèk nou ? »

Sara te reponn : « Men wi. Yo te la, men yo pa t' nan salon an ansanm avèk nou. Epitou, salon an te twò piti pou resevwa tout moun sa yo. »

Jak pa t'ap swiv dyalòg la twò byen kounyeya. Lide l' te tonbe sou sa li te remake sou vizaj sè li a lè yo te nan lakou fanmi Benndè a. Pandan li t'ap kalkile sou sa, li te remake yon bagay. Si jenn yo tapral fòme koup ki pou mache sou tout lakou a ansanm, li te sèten Jakòb Benndè tapral chwazi mache avèk Sara.

Jak t'ap gade sè l', Sara. Li t'ap panse petèt li konprann poukisa vizaj li te yon ti jan wouj jiskensi. Pou Jak, se te yon blag. Konsa, li di : « Pou mwen menm, Jakòb Benndè te swaf yon okazyon pou li mache sou tout lakou a ansanm ak Sara ! » Jak te rete gade pou wè kijan sè li tapral reyaji kounyeya.

Sara pa t' leve tèt li, men se kòm si figi l' te pran dife. Li te konnen Jak t'ap gade li tou, epi li te konsyan pou ki rezon Jak te di sa l' te di a.

Jak ale pi lwen toujou : « Tout moun te wè kijan Jakòb te cho pou l' kenbe men Sara pandan— »

« Jak ! » Papa l' te rete pawòl tigason an nan wout. Li t'ap bay toude pitit li yo move je kounyeya. Djonn Yodè ak madanm li te dakò pou timoun yo fè kèk ti fawouch avèk bon kè pafwa. Men, yo pa t' tolere fawouch sou dosye mennaj ak dosye renmen.

Men, kounyeya Papa te anvi konprann byen kisa ki te pase. Li te gade Sara fiks. Byen kalm, men byen serye, li te poze kèsyon : « Sara ? Èske ou ka esplike pou nou sou kisa Jak ap pale ? »

Sara te plake je l' atè a. Li pa t' ka leve yo pou gade papa l'. Men, li te rekonèt Papa l' te toujou jis, epi li te konnen papa l' fasil konprann moun. Sa te bay Sara kouraj. Alafen, li te esplike bagay la konsa : « Pandan nou t'ap kite kay fanmi Benndè yo, pye m' te chape epi mwen te manke tonbe. Jakòb te toupre. Li te annik kenbe m'. Li te ede m' repran mwen ankò. » Sara te wont eksplikasyon an. Li te santi li malalèz konplètman. Tout sa l' te di yo se te verite, men se sa li pa t' di ki te fè li santi li genyen tò. Li te santi se twonpe l'ap twonpe paran li yo nan moman sa a.

Papa te gade Jak toudwat : « Li ta sanble Jakòb te fè sa yon bon gason dwe fè

nan sityasyon sa a. Kounyeya, si ou pran yon jès ki swadizan inosan, epi ou vire l' pou fè li tounen yon lòt bagay ki pa dwat, sa a se desepsyon, Jak. » Se konsa li te repwoche pitit gason l'.

Devan repwòch sa a, Jak te seche tankou yon ti plant anba gwo solèy. Men, kounyeya Sara te santi plis tò toujou. Konbyen nan pawòl Jakòb yo Jak te tandè ? Sara te remake Jak pa t' vle pale plis. Men, si li te konnen tout sa Jakòb te di li, Jak t'ap genyen rezon bay papa l' plis enfòmasyon toujou. Sara te reyalize se li menm menm ki te koupab desepsyon. Konsyans li t'ap manje li. Li te santi fòk li bay plis detay sou sa ki te pase, men kijan li pral fè sa ? Genyen bagay li pa t' menm konprann pou kont pa li. Poukisa li te dakò pou Jakòb vin alèz avè l' konsa ? Poukisa li te chwazi rete dèyè ap bay Jakòb yon pòt ouvè konsa ? Sara te santi li kondane. Nan moman an lè papa l' te poze li kèsyon an, Sara te pati pou li bay bagay la toudwat jan li te pase a san sere anyen. Men rive nan wout, pawòl yo te parèt twò difisil pou li, sitou devan frè ak sè li yo. Konsa, li te pe.

Sara pa t' konnen pandan konbyen tan papa l' te fè ap gade li. Li pa t' oze leve je l' jouk li te tandè papa l' di konsa : « Enben, pitit mwen yo, al chache Bib nou yo pou n' li yon chapit anvan nou al dòmi. Nou p'ap chante aswè paske li fè ta deja. »

Plizyè semenn te pase. Jenn yo te kòmanse pale sou yon lòt okazyon kote yo te kapab reyini ankò, sitou timoun Benndè yo. Lè Lora te pale avèk manman l' sou sa, Manman te pale ak Papa. Li te di : « Ann envite jenn yo reyini isi a, tandè ? Konsa n'ap kapab bay yo plis direksyon. N'ap ka travay pou n' asire rankont jenn yo toujou sou bon pant. »

Papa te ajoute yon lide tou : « Si nou ede yo planifye yon lòt rankont, petèt fanmi Benndè ka konprann kijan jenn yo konn jere rankont yo isi a. Mwen panse sa kapab bon. Men, dapre mwen menm, jenn yo pa dwe kòmanse planifye kalite rankont sa yo twò souvan. »

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

—Mari Milè
Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)




Langaj Jape A

« Frè mwen renmen anpil yo, men yon bagay pou nou toujou chonje. Se pou tout moun prese louvri zòrèy yo pou yo ka tande. Men, pa kouri pale, pa prese fè kòlè » (Jak 1.19).

Pandan m'ap mache nan wout lavi sa a, mwen toujou renmen etidye mo. Mwen enterese anpil nan lang, nan jan moun itilize lang pou kominike. Malerezman, mwen poko janm jwenn okazyon pou m' aprann yon dezyèm lang apre lang manman m' lan. Pa kont, nan jou sa yo, mwen kòmanse fè yon ti etid sou langaj chen, sou afè jape. Tande byen, mwen pa mete nan tèt mwen mwen pral pale lang sa a yon jou, men mwen ta renmen rive konprann pi byen sa m' konn tande. Lakay mwen, nou genyen yon vye ti chen nou rele Pepe. Li fè pati yon ras chen yo rele chiwawa. Se yon ras chen ki rete tou piti menm lè yo fin grandi. Enben, se ti Pepe k'ap montre m' langaj jape a.

Jape se yon langaj ki fòse moun okipe li. Nan langaj jape a, pi souvan chen an tonbe jape anvan li fin enfòmè sou tout bagay. Sa vle di, souvan chen jape san yo pa fin konnen kisa y'ap jape. Nenpòt ti bri ka pouse yo jape. Pafwa se yon lòt chen ki jape ki pouse yo jape tou. Pafwa tou se kòm si chen an annik anvè tande vwa li ki fè li pran jape. Chen gen abitud leve vwa yo yon jan pou fè bri ki kreye twoub, ki nwi moun. Gòj yo kreye yon seri son ak silab ki kominike kòlè, ki pa amikal menm.

Mwen panse mwen vin konprann filozofi a. Nan tèt chen an, li genyen yon seri lide sou kisa ki nòmal, sou kisa ki aseptab nan anviwònman kote li ye a. Depi genyen yon bagay ki parèt kòm yon menas pou wayòm pa li a, li santi se devwa l' pou li jape. Plis menas la parèt gwo, se plis l'ap fè bri kont menas la. Pou fè wè otorite li genyen an, yon gwo chen va ouvri gòj li laj pou fè yon seri bri ki byen grav, ki tankou loray. Poutan, yon ti chen tankou Pepe manke vokal pou l' fè sa.



Li mal pou fè moun santi otorite li paske ti vwa li twò piti. Konsa, li konn montre otorite li lòt fason. Pepe renmen souke kò li chak fwa li jape, yon jan pou fè ou santi li se gwo zafè. Depi l'ap jape, se swa li souke tout kò l' osinon li grate atè a. L'ap pran pòz gwo chen ki merite atansyon ou.

Enben, zafè jape a se zafè chen. Se sa yo fè, an jeneral. Se langaj pa yo a. Mwen te di ou deja, mwen pa enterese aprann pale lang sa a. Pa kont, pandan mwen repase sou tout sa m' sòt ekri yo, mwen pa fin alèz. Pawòl yo vekse m', paske li ta sanble petèt mwen deja fò nan langaj sa a san mwen pa t' janm rann kont. Se kòm si, pafwa, mwen jape moun menm jan ak yon chen.

Ou se yon moun ki saj depi ou konnen kilè pou ou pale epi kilè pou ou pe bouch ou.

—Gary Miller



SEKSYON TIMOUN



Pisans Yon Ghar

Yon ti kominote tou piti te sitiye sou tèt yon mòn nan zòn Pennsilvani, nan peyi Etazini. Se te *Honeyville*. Kominote a se te de (2) ti kay piti fèt an bwa, de (2) lòt kay, yon vye depo ki te prèske kraze, epi yon lòt depo kote moun yo te konn fè kèk travay. Tout te sitiye nan yon espas kote moun yo te koupe tout pyebwa yo. Youn nan kay yo se te pou yon fanmi ki te genyen sèt (7) moun : papa, manman, twa (3) pitit gason epi de (2) pitit fi. Yo te apenn vin abite la a. Yo te sòti nan yon lòt eta ki te rele *Michigann*. Se retounen yo te retounen nan zòn kote manman an te grandi. Li te malad, epi frechè a nan mitan mòn yo te bon anpil pou sante li.

Manman an ansanm ak de (2) pitit fi li yo, *Nina* ak *Dorothy* se te Kreyen yo te ye. Yo te souvan leve vwa yo ansanm ap chante lwanj Bondye. Yon vye liv chan yo te genyen se te youn nan bagay yo ki te pi presye pou yo.

Yon bon jou, Manman te voye *Nina* ak *Dorothy* al vizite yon lòt sè yo te genyen ki te marye deja epi ki te rete pa twò lwen, sis (6) kilomèt konsa. Pou fè wout sa a, fòk yo te pase dabò nan mitan yon gwo forè ki pa t' genyen kay ditou. Dènye bout

wout la te genyen plis kay bò wout la. Manman te egzije tifi yo pou yo fè sèten yo retounen anvan solèy la kouche. Te konn genyen lous nan zòn la, ansanm avèk yon seri gwo chat mawon ki te konn bay moun pwoblèm.

Tifi yo te rive kay sè yo a san pèdi tan. Yo te pase tout jounen ap fè jwèt ansanm avèk ti nyès yo a. Nan apremidi, gran sè a te okipe anpil avèk bagay kay la. Pandan tout tan sa a, tifi yo te pèdi nan jwèt yo. Konsa, katrè te rive sou yo san yo pa t' menm konnen ! Tifi yo te fè vit pou yo derape, paske yo te anvi rive lakay anvan solèy la te vin kouche. Gran sè a te rete ap gade yo nan wout la jouk li pa t' ka wè yo ankò. Li te genyen enkyetid paske timoun yo te pou kont yo.

Nina ak *Dorothy* t'ap mache byen vit jouk yo te rive nan forè a. *Nina* te di konsa : « Mwen konnen kote ki genyen kèk blakberi (yon ti fwi byen dous ki parèt nan rakbwa). Ann al keyi kèk pou manman m'. » Konsa, yo te kite wout la epi yo te jwenn anpil blakberi nan mitan wòch yo ak nan mitan bout bwa yo ki te kouche atè a nan forè a. Yo te kontan rete ap keyi. Lè yo te resi repran wout la ankò, lonbray pyebwa yo te long anpil anpil sou wout la.

Nan mitan forè a, *Dorothy* te jwenn li fatige. Li te kòmanse pè tou. *Nina* te di l' konsa : « Depi nou fin monte sou tèti m' sa a, nou tou rive. Ann ale. »

Tifi yo te gen abitud fè yon ti jwèt yo te konn rele « fè m' pè si ou kapab. » Youn ta bay yon blag pou wè si li ka fè lòt la pantan. Swa : « Men yon lous ! » Osinon petèt : « Gade yon koulèv ! »

Enben, nan wout la, *Dorothy* di konsa : « Fè m' pè si ou kapab. »

Nina te dakò. Li lonje dwèt li devan nan wout la epi li di : « Men gade ! Pi devan la a ! Mwen wè yon... »

Pawòl la te koupe sèk. Pandan li t'ap pale, yon gwo chat mawon te parèt bò wout la. Li te sòti anba kèk raje, epi li t'ap vire tèti li agòch adwat. Apre sa, li te bese tèti li ba pou li mache sou tifi yo. Li te tankou yon ti chat kay k'ap mache dèyè yon sourit. Tifi yo te kanpe dwat.

Dorothy te tonbe kriye : « Anmwe ! *Nina* ! Ann kouri ! » Emosyon te fè pawòl yo mal pou sòti.

Men, *Nina* t'ap kalkile wout la ki te byen long dèyè yo kounyeya, epi ki te fènwa anpil kounyeya. Menm si yo ta kouri, yo p'ap ka chape. *Nina* te konnen sa byen. Konsa, li te raple l' kijan papa l' te toujou anseye l' pou li pa janm montre

laperèz devan yon bèt fewòs. Li te sezi men ti sè l', epi li di konsa : « Non, ann avanse ! Bondye va ede nou. » Konsa yo te fè sa pou yo avanse toujou.

Tifi yo te annik fè yon ti deplase epi chat mawon an te gentan leve atè kote li te ye a. Apre sa, li te bese ankò epi li t'ap avanse sou yo ankò tou dousman. Lè bèt la te sanble li t'ap pare kò l' pou li vole sou yo, *Nina* te sonje yon lòt bagay. Moun te konn di l' yon bèt fewòs pa fasil atake yon moun k'ap chante. Men, kisa li te ka chante nan moman sa a ? Touswit, li te priye. Apre sa, li t'ap chante : « Genyen limyè solèy sou tèt mòn yo. Genyen limyè solèy sou dlo lanmè. Bèl rayon yo ap klere tout kote toupatou. Men yon pi bèl limyè ranpli kè m', paske se Ou menm ki abite la, o Bon Sovè m'. Tout kote Ou ye, se toujou bèl klète. O ! Limyè solèy ! Bèl limyè solèy ! O ! Se andan kè m' ou ye ! Sourì Jezi repouse tristès. Bèl limyè solèy la, nan kè m' li ap klere. »

Dorothy t'ap chante ansanm avèk sè l' kounyeya. Pou kòmanse, yo prèske pa t' ka fè pawòl yo sòti nan gòj yo. Men, lè yo te rive toupre kote chat la te ye a, pawòl yo t'ap sòti byen klè, byen dous.

Chat mawon an te rete kote li te ye a. Ke l' t'ap danse agòch adwat jan yo konn fè l'



anvan yo vole. Men, kounyeya li te rete dousman. Se kòm si li t'ap koute timoun yo. Medam yo te kontinye mache san yo pa t'vire gade dèyè. Sou tèt ti mòn lan, yo te tande bri yon charyo avèk cheval ki t'ap avanse sou yo. Ala yon delivrans ! Men, yo te kontinye ap chante. Se lè yo te kontre avèk charyo a yo te resi vire gade dèyè. Se te yon ti pwent chat la yo te wè pandan li t'ap disparèt nan mitan rak la.

Manman te enkyete pou tifi li yo. Konsa, li te vin dèyè yo avèk charyo a. Se te pandan lè li te tande yon chan nan rakbwa a : « O ! Limyè solèy ! Bèl limyè solèy ! O ! Se andan kè m' ou ye ! Souris Jezi repouse tristès. Bèl limyè solèy la, nan kè m' li ap klere. »

Manman te souri paske li te santi yon soulajman lè li te tande chante a. Men, touswit li te remake te genyen yon dousè selès nan mizik la. Chan an te parèt fò, epi li te parèt klè. Se kòm si se te zanj yo menm ki t'ap chante chan an, e pa de (2) pitit fi li yo. Chan an te koupe depi medam yo te parèt sou tèt ti mòn lan. Manman te remake tifi yo pa t'genyen bèl koulè. Yo te pè. Lè je tifi yo te tonbe sou manman yo, yo te kouri vin jwenn li.

Ala yon bèl moman adorasyon ak kè kontan medam yo te jwi ansanm jou swa sa a ! Depi jou sa a, chante sa a vle di yon pakèt bagay pou yo tout !

Detwa jou apre sa, plizyè nan mesye yo te sòti avèk zam nan men yo pou yo mache dèyè chat mawon an. Yo te touye li. Men, esperyans sa a va rete nan lespri medam sa yo pandan tout rèz lavi yo. M' ka di sa avèk tout kè m', paske mwen se youn ladan yo.

– Nina Chase

Tèks la sòti nan www.WrittenTreasure.org



Vèsè Pou Aprann

« Senyè a se tout fòs mwen. Se pou Li m'ap chante. Se Li menm ki delivre m' » (Egzòd 15.2).



Aktivite Timoun

Li chak pasaj nan Bib la. Ranpli espas vid yo. Gade kijan yon chan kapab gen pisans.

1 Samyèl 16.23

Ki pwoblèm ki te genyen ? _____

Kisa yo te fè ? _____

Kòman sa te ye aprè ? _____

2 Kwonik 20.1, 22–23

Ki pwoblèm ki te genyen ? _____

Kisa yo te fè ? _____

Kòman sa te ye aprè ? _____

Travay 16.24–26

Ki pwoblèm ki te genyen ? _____

Kisa yo te fè ? _____

Kòman sa te ye aprè ? _____

Dènye chante a ki parèt nan Bib la se nan Revelasyon 15.3. Li mo sa yo. Ranpli tout espas vid yo.

Mèt ki gen tout _____, tout sa ou fè, se _____

bagay ! Ou menm ki wa tout nasyon, plan travay ou yo _____

se _____ yo ye.

(Repons nan paj 12)



« *M*enm si mwen
toujou fè vit,
mwen pa janm prese. »
– John Wesley

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« *Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon...* »
(2 Pyè 1.19).

Fen Mond Lan

Fen mond lan ap pwoche, Levanjil va fin fè wout li.
Pwofesi yo ap akonpli, tout bagay ap pase jan sa te ekri.

Jou sa a, tèt moun va cho akòz anpil peche ki lakay yo.
Va genyen rèl. Va genyen manje dan. Predikatè p'ap egziste ankò.

Tout sen yo va vòltije monte nan syèl la...
se sila yo ki konfese Jezi m' lan kòm Sovè.
Tout chan mwen yo va vòltije monte nan syèl la tou...
se sila yo mwen dedye pou Senyè m' lan jodi a.

Lè son dènye twonpèt la sonnen, sila yo ki t'ap souffri va sove.
Jij la, ki konplètman jis, va deklare yon santans pou tout moun ki te fè mal.

Kè :

Chè zanmi, Jezi rele ou. Pa fè kè di avèk Li.
Soumèt devan Kris ; Se nanm ou li vle,
epi ou va patisipe nan rezirèksyon an.

— Otè chan an enkonni
Tèks Anglè a se yon tradiksyon li ye, epi li sòti nan « *Hymns of the Church* »
Lamp and Light Publishers